2027
Avi Anyèl sou Chanjman yo

CareNeeds Extra (HMO D-SNP)
H1019-153

Space Coast
Konte Brevard

Sa a se yon Plan ki Ekstrèman Entegre ak Doub Elijibilite (Highly Integrated Dual Eligible, HIDE) pou Bezwen Espesyal.

CarePlus
HEALTH PLANS™

H1019_ANOC_MAPD_HMO_073000153000_2027_CR_M

H1019073000153000ANOCCR27

Annou revize
chanjman nan plan w lan pou 2027

Mèsi paske ou fè CarePlus konfyans pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ou ak Florida Medicaid pou 2026. Nan dokiman sa a, ou pral jwenn Avi Anyèl sou Chanjman an, ki montre ou chanjman enpòtan nan plan an.

Nou la pou ede w pi byen konprann avantaj ou yo. Malgre kèk avantaj ap chanje, nou te koute manm nou yo epi nou te konsantre sou pwoteje sa ki pi enpòtan. Nou pran angajman pou nou ofri yon kouvèti asirans ki estab, swen ki adapte ak bezwen chak moun, epi pou nou merite konfyans manm yo, founisè swen yo, ak kominote n ap sèvi yo.

Avantaj esansyèl ou ka konte sou yo

Dantè, vizyon ak oditif

Kouvèti pou medikaman sou preskripsyon

$0 pou depistaj swen prevantif*

Yon gade pi pre chanjman nan plan w lan pou 2027

Jwenn yon apèsi pèsonalize ak entèraktif sou sa k ap chanje nan plan 2027 ou a. N ap bay ou tout detay ou bezwen pou renouvle ak konfyans.

Pa gen okenn aksyon ki nesesè pou kenbe plan ou an.

Dat k ap vini yo pou eksplore opsyon ou yo:

- ▶ **Jodi a**
  Konpare detay plan 2026 ak 2027 ou yo nan **CarePlusHealthPlans.com/Plans**
- **15 Oktòb**
  Enskripsyon Lib Medicare kòmanse
- **7 Desanm**
  Dènye jou pou Enskripsyon Lib
- **1ye Janvye**
  Chanjman plan yo antre an vigè

Men sa ou ka fè apre sa

Pou afichaj konplè, pèsonalize ou a, **eskane kòd QR a** pou konekte oswa kreye yon kont nan MyCarePlus oswa vizite **CarePlusHealthPlans.com/Plans.**

Si ou ta renmen konsève plan aktyèl ou a, pa gen okenn aksyon ki nesesè. Plan ou a ap renouvle 1ye janvye 2027.

*Aplike pou sèvis ki kouvri yo ki soti nan founisè ki nan rezo a.

CareNeeds Extra (HMO D-SNP) ofri pa CarePlus Health Plans, Inc.

Avi Anyèl sou Chanjman pou 2027

Ou enskri kòm manm CareNeeds Plus (HMO D-SNP).

Dokiman sa a dekri chanjman ki fèt nan pri ak avantaj plan nou an pou ane pwochèn.

- **Ou gen ant 15 Oktòb ak 7 Desanm pou fè chanjman nan pwoteksyon Medicare ou pou ane pwochèn.** Si ou pa rantre nan yon lòt plan anvan 7 Desanm 2026, ou pral rete nan CareNeeds Plus (HMO D-SNP).
- Pou chanje a yon **plan diferan**, vizite Medicare.gov oswa revize lis la nan do manyèl *Medicare & You 2027* ou a.
- Remake sa a se yon rezime sèlman sou chanjman yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pri yo, avantaj yo, ak règ yo nan *Prèv sou Kouvèti* a. Jwenn yon kopi nan **CarePlusHealthPlans.com/Plans** oswa rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY rele 711) pou jwenn yon kopi pa lapòs.

Plis Resous

- Dokiman sa a disponib gratis nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl.
- Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY rele 711) pou plis enfòmasyon. Orè yo se 8 a.m. jiska 8 p.m., sèt jou pa semèn. Tanpri sonje sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan **CarePlusHealthPlans.com**. Apèl sa a gratis.
- Enfòmasyon sa a disponib nan diferan fòma, tankou bray, gwo karaktè ak odyo. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan nimewo ki pi wo a si w bezwen enfòmasyon sou plan an nan yon lòt fòma.

Sou CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

- CarePlus se yon plan Bezwen Espesyal Dual Eligible (HMO D-SNP) ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra ak Pwogram Medicaid Florida. Enskripsyon nan plan CarePlus sa a depann de renouvèlman kontra. Plan nou an genyen tou yon akò alekri ak pwogram Florida Medicaid la pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo.
- Patwone pa CarePlus Health Plans, Inc. ak Eta Florid, Ajans pou Administrasyon Swen Sante.
- Lè dokiman sa a di "nou," "nou menm," oswa "pa nou," sa vle di CarePlus Health Plans, Inc. Lè li di "plan" oswa "plan nou an," sa vle di CareNeeds Extra (HMO D-SNP).
- Nan dat 1ye Janvye 2027, CarePlus Health Plans, Inc. pral konbine CareNeeds Plus (HMO D-SNP) ak youn nan plan nou yo, CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Dokiman sa a ba ou enfòmasyon sou diferans ki genyen ant avantaj aktyèl ou yo nan CareNeeds Plus (HMO D-SNP) ak avantaj ou pral genyen nan dat 1ye Janvye 2027 kòm manm CareNeeds Extra (HMO D-SNP).
- **Si ou pa fè anyen anvan 7 Desanm 2026, ou pral otomatikman enskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP).** Apati 1ye Janvye 2027, ou pral resevwa kouvèti medikal ak medikaman ou atravè CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Ale nan Seksyon 2 pou plis enfòmasyon sou fason pou chanje plan ak dat limit pou fè yon chanjman.

H1019_ANOC_MAPD_HMO_073000153000_2027_CR_M

Apwobasyon OMB 0938-1051 (Ekspirasyon: 31 jiyè 2029)

Tab dè matyè

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2027 ..... **5**

SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochèn **9**

Seksyon 1.1 Chanjman nan Prim Mansyèl Plan an 9

Seksyon 1.2 Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou 9

Seksyon 1.3 Chanjman nan Rezo Founisè a 10

Seksyon 1.4 Chanjman nan Rezo Famasi a 10

Seksyon 1.5 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo 10

Seksyon 1.6 Chanjman nan Kouvèti Medikaman Part D 14

Seksyon 1.7 Chanjman nan Avantaj ak Pri Medikaman sou Preskripsyon 15

SEKSYON 2 Kijan pou Chanje Plan **19**

Seksyon 2.1 Dat limit pou Chanje Plan 19

Seksyon 2.2 Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman? 20

SEKSYON 3 Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsyon **20**

SEKSYON 4 Kesyon? **21**

Jwenn Èd nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) 21

Jwenn Konsèy Gratis sou Medicare 21

Jwenn Èd nan men Medicare 21

Jwenn Èd nan Medicaid 22

Anèks A - Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a **23**

Bay non, adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon kontak pou yon pakèt resous itil nan Eta ou a.

Rezime sou Pri Enpòtan pou 2027

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
Prim plan mansyèl	**$0**	**$0**
Franchiz	Pa Aplikab	**$0**
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Sa a se limit maksimòm lajan k ap soti nan pòch ou ke w ap peye pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri. (Ale nan Seksyon 1.2 pou detay.)	**$3,400** Si w elijib pou asistans pataj frè Medicare selon Medicaid, gen anpil chans ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou k ap konte nan limit pou kantite lajan maksimòm ki sòti nan pòch pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.	**$9,850** Ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou pami montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.
Vizit biwo swen primè	**$0** kòm kopeman pou chak vizit	**$0** kòm kopeman pou chak vizit
Vizit biwo espesyalis	**$0** kòm kopeman pou chak vizit	**$0** kòm kopeman pou chak vizit
Sejou nan lopital pou pasyan ki entène Enkli divès sejou lopital kòm pasyan entène tankou swen egi, reyabilitasyon ak swen alontèm. Yon sejou lopital kòm pasyan entène kòmanse jou ou ofisyèlman admèt ak òd yon doktè epi li fini jou anvan ou sòti.	**$0** kòm kopeman pou chak sejou	**$0** kòm kopeman pou chak sejou
Kouvèti medikaman Part D (Ale nan Seksyon 1.7 pou detay, ki gen ladan Franchiz Anyèl, Etap Kouvèti Inisyal ak Etap Kouvèti Katastwofik.) Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri gade Gid Medikaman ou an pou konfime kouvèti ensilin.	Franchiz kouvèti medikaman Part D **$0** franchiz	**Franchiz kouvèti medikaman Part D** Si ou resevwa Èd Siplemantè, franchiz ou a se **$0**. Konsilte dokiman Kloz Adisyonèl LIS ou a pou konnen montan pataj frè ou yo. Si ou pa resevwa Èd Siplemantè, franchiz se **$700**. **$0** Nivo 1, Nivo 2, ak Nivo 3 **$700** pou Nivo 4 ak Nivo 5; eksepte pou pwodui ensilin ki kouvri ak pifò vaksen Part D pou granmoun
	Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:	**Kopeman/Ko-asirans pandan Etap Kouvèti Inisyal la:**

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
	Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon **famasi detayan**: • Medikaman Nivo 1: **$0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon mwa. • Medikaman Nivo 2: **$0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon mwa. • Medikaman Nivo 3: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$35** pou chak mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 4: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$35** pou chak mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 5: **33%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$35** pou chak mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.	Pou yon pwovizyon pou 30 jou nan yon **famasi detayan**: • **Medikaman Nivo 1: $0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon mwa. • **Medikaman Nivo 2: $0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon mwa. • **Medikaman Nivo 3: 17%** Ou p ap peye plis pase **17%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • **Medikaman Nivo 4: 41%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$35** pou chak mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • **Medikaman Nivo 5: 25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$35** pou chak mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a.

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
	Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon **famasi ki pran kòmann pa lapòs** ak pataj-depans prefere: • Medikaman Nivo 1: **$0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • Medikaman Nivo 2: **$0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • Medikaman Nivo 3: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 4: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 5: Pa disponib	Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon **famasi ki pran kòmann pa lapòs** ak pataj-depans prefere: • **Medikaman Nivo 1: $0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • **Medikaman Nivo 2: $0** Ou p ap peye plis pase **$0** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • **Medikaman Nivo 3: 17%** Ou p ap peye plis pase **17%** jiska **$105** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • **Medikaman Nivo 4: 41%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • **Medikaman Nivo 5:** Pa disponib

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
	Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon **famasi ki pran kòmann pa lapòs** ak pataj-depans estanda: • Medikaman Nivo 1: **$30** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$30** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 2: **$60** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$60** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 3: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 4: **25%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • Medikaman Nivo 5: Pa disponib	Pou yon pwovizyon pou 100 jou nan yon **famasi ki pran kòmann pa lapòs** ak pataj-depans estanda: • **Medikaman Nivo 1: $30** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$30** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • **Medikaman Nivo 2: $60** Ou p ap peye plis pase **16%** jiska **$60** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • **Medikaman Nivo 3: 17%** Ou p ap peye plis pase **17%** jiska **$105** pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a pou yon pwovizyon 3 mwa. • **Medikaman Nivo 4: 41%** Ou p ap peye plis pase **25%** jiska **$105** pou yon 3 mwa pwovizyon pou chak pwodui ensilin ki kouvri nan nivo sa a. • **Medikaman Nivo 5:** Pa disponib
	Kouvèti Katastwofik: Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D w yo ki kouvri yo ak pou medikaman ki eskli ki kouvri anba avantaj amelyore nou an.	**Kouvèti Katastwofik:** Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D nou ki kouvri yo.
Kouvèti Medikaman Ekskli	• Medikaman Disfonksyon Erektil Seleksyone: Kouvri • Vitamin sou Preskripsyon Chwazi: Kouvri	• Medikaman Disfonksyon Erektil Seleksyone: Pa Kouvri • Vitamin sou Preskripsyon Chwazi: Pa Kouvri

SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Ane Pwochèn

Seksyon 1.1 Chanjman nan Prim Mansyèl Plan an

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Prim plan mansyèl (Ou dwe kontinye peye prim Part B Medicare ou tou, sòf si li peye pou ou pa Florida Medicaid.)	**$0**	**$0**

Seksyon 1.2 Chanjman nan Montan Maksimòm Lajan ki Soti nan Pòch Ou

Medicare mande tout plan sante yo pou yo limite kantite lajan ou peye k ap soti nan pòch pou ane a. Limit sa a rele kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch (MOOP). Depi ou fin peye montan sa a, an jeneral, ou p ap peye anyen pou sèvis ou genyen ki kouvri nan Part A ak Part B yo pou rès ane kalandriye a.

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou Pataj depans ki peye pa benefisyè a, Medicaid, ak lòt asirans segondè kontribye nan montan maksimòm ki soti nan pòch sa a. Kòm manm nou yo jwenn èd tou nan Florida Medicaid, pa gen anpil manm ki janm rive atenn montan maksimòm ki soti nan pòch sa a. Ou pa responsab pou peye okenn frè avèk lajan ki sòti nan pòch ou pami montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo. Frè ou yo pou sèvis medikal ki kouvri (tankou kopeman ak franchiz) **konte nan** montan maksimòm ou ka peye nan pòch ou. Depans ou yo pou medikaman sou preskripsyon **pa konte** nan montan maksimòm lajan ki soti nan pòch ou a.	**$3,400**	**$9,850** Yon fwa ou fin peye **$9,850** nan pwòp pòch ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri, ou pa p peye anyen pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo pou rès ane kalandriye a.

Seksyon 1.3 Chanjman nan Rezo Founisè a

Rezo pwofesyonèl swen sante nou an chanje pou ane pwochèn. Apati 15 Oktòb 2026 ou ka revize Anyè *Pwofesyonèl* Swen Sante *ak Famasi* 2027 nan **CarePlusHealthPlans.com/Directories** pou wè si founisè ou yo (founisè swen prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) nan rezo nou an. Men kijan pou ou jwenn yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ajou:

- Vizite sit entènèt nou an nan **CarePlusHealthPlans.com/Directories**.
- Rele Sèvis pou Manm nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY rele 711) pou jwenn enfòmasyon aktyèl sou founisè oswa pou mande nou voye yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ba ou pa lapòs.

Nou ka fè chanjman nan lopital yo, doktè yo, ak espesyalis yo (pwofesyonèl swen sante) ki fè pati plan nou an pandan ane a. Si yon chanjman nan mitan ane nan founisè nou yo afekte ou, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY ta dwe rele 711) pou èd. Ou ka gen yon peryòd enskripsyon espesyal si founisè ou a kite rezo plan an. Pou plis enfòmasyon sou dwa ou lè yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a kite plan nou an, konsilte Chapit 3, Seksyon 2.3 nan *Prèv sou kouvèti* ou a.

Seksyon 1.4 Chanjman nan Rezo Famasi a

Kantite lajan ou peye pou medikaman sou preskripsyon ou yo ka depann de ki famasi ou itilize. Plan medikaman Medicare yo gen yon rezo famasi. Nan pifò ka yo, preskripsyon w yo kouvri *sèlman* si ou ranpli yo nan youn nan famasi ki nan rezo nou yo. Rezo nou an gen ladan famasi ki gen pataj depans ki pi prefere, ki ka ofri ou yon pataj depans ki pi ba pase pataj depans estanda lòt famasi nan rezo a ofri pou kèk medikaman.

Rezo famasi nou yo chanje pou ane pwochèn. Apati 15 Oktòb 2026 ou ka revize Anyè *Pwofesyonèl* Swen Sante *ak Famasi* 2027 nan **CarePlusHealthPlans.com/Directories** pou wè ki famasi ki nan rezo nou an. Men kijan pou ou jwenn yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ajou:

- Vizite sit entènèt nou an nan **CarePlusHealthPlans.com/Directories**.
- Rele Sèvis pou Manm nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY rele 711) pou jwenn enfòmasyon aktyèl sou famasi oswa pou mande nou voye yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ba ou pa lapòs.

Nou ka fè chanjman nan famasi ki fè pati plan nou an pandan ane a. Si gen chanjman ki fèt nan famasi nou yo nan mitan ane a ki afekte w, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY ta dwe rele 711) pou èd.

Seksyon 1.5 Chanjman nan Avantaj ak Pri pou Sèvis Medikal yo

Avi Anyèl sou Chanjman an ba ou enfòmasyon sou chanjman ki fèt nan Avantaj ak Pri Medicare ou yo.

Sèvis yo resevwa nan Klinik Sante nan Zòn Riral yo, Klinik Sante ki gen Kalifikasyon Federal yo, ak Lopital pou Aksè Kritik yo ka sijè a kopeman oswa ko-asirans pou Medsen Swen Sante Prensipal oswa Espesyalis, jan sa aplikab, pou 2027.

Alokasyon CarePlus CareEssentials se yon avantaj siplemantè espesyal pou manm ki gen kondisyon kwonik espesifik ki bezwen kowòdinasyon swen entansif epi ki gen gwo risk pou yo ospitalize oswa pou lòt rezilta sante negatif. Maladi ki kalifye yo ka gen ladan dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Kèk plan egzije

omwen de kondisyon. Gade Prèv sou Kouvèti plan an pou plis detay. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni. Kontakte biwo HUD lokal ou a pou kesyon.

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
Avantaj Siplemantè Espesyal pou Malad Kwonik yo		
• Alokasyon CareEssentials	**$125** alokasyon chak mwa sou yon kat depans prepaye. Tout manm plan an resevwa montan sa a pou achte pwodui sante ak byennèt san preskripsyon (OTC) apwouve nan detayan patisipan yo oswa atravè founisè kourye OTC plan an apwouve. Anplis, manm yo ka itilize lajan sa a tou pou pwodui alimantè, sèvis piblik, lwaye, ak plis toujou si yo gen sèten kondisyon kwonik ki kalifye epi yo satisfè lòt kritè pwogram nan. Nenpòt montan ki pa sèvi yo pral transfere l sou lòt mwa a epi l ap ekspire nan fen ane plan an oswa lè w anile enskripsyon w nan plan sa a, kèlkeswa sa ki rive an premye a.	**$350** alokasyon chak mwa sou yon kat depans peye davans. Tout manm plan an resevwa montan sa a pou achte pwodui sante ak byennèt san preskripsyon (OTC) apwouve nan detayan patisipan yo oswa atravè founisè kourye OTC plan an apwouve. Anplis, manm yo ka itilize lajan sa a tou pou pwodui alimantè, sèvis piblik, lwaye, ak plis toujou si yo gen sèten kondisyon kwonik ki kalifye epi yo satisfè lòt kritè pwogram nan. Nenpòt montan ki pa sèvi yo pral transfere l sou lòt mwa a epi l ap ekspire nan fen ane plan an oswa lè w anile enskripsyon w nan plan sa a, kèlkeswa sa ki rive an premye a.
Sèvis anbilans		
• Pou chak transpò dijans Medicare kouvri pa tè, ou peye:	**$0 oswa $200** kòm kopeman pa vwayaj Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**0%** sou pri total la
• Pou chak transpò dijans Medicare kouvri ki fèt pa avyon, ou peye:	**0% oswa 20%** sou pri total la Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**0%** sou pri total la
• Pou chak transpò ki pa pou ka ijans Medicare kouvri ki fèt sou tè, ou peye:	**$0** kòm kopeman pa vwayaj	**$0** kòm kopeman
• Pou chak transpò ki pa pou ka ijans Medicare kouvri ki fèt pa avyon, ou peye:	**0% oswa 20%** sou pri total la Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**0%** sou pri total la

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
Aparèy Glikomèt Konstan – nan yon famasi preferansyèl	Pa Aplikab	**$0** kòm kopeman
Sèvis swen dantè • Avantaj dantè siplemantè:	**DEN833** **$0** kopeman pou egzamen oral konpreyansif, film panoramik jiska 1 chak 3 ane. **$0** kòm kopeman pou ratelye konplè oswa pasyèl jiska 1 seri chak 5 ane. **$0** kòm kopeman pou detatraj ak grataj radikilè (netwayaj pwofon) jiska 1 pa kadran chak ane. **$0** kòm kopeman pou Radyografi Entèpwoksimal jiska 1 seri chak ane. **$0** kòm kopeman pou kouwòn, kannal rasin jiska 1 fwa chak ane. **$0** kòm kopeman pou egzamen oral peryodik, pwofilaksi (netwayaj) jiska 2 chak ane. **$0** kòm kopeman pou plonbaj amalgam ak/oswa konpozit jiska 4 chak ane. **$0** kòm kopeman pou ekstraksyon senp oswa chirjikal jiska 6 chak ane. **$0** kòm kopeman pou anestezi ki nesesè pou yon sèvis ki kouvri, jan sa nesesè dapre kòd ki kouvri yo chak ane. **$0** kòm kopeman pou ekstraksyon pou ratelye jiska ilimite chak ane. Ekstraksyon ilimite yo kouvri sèlman nan objektif pou manm an resevwa ratelye, tout lòt ekstraksyon yo limite a 6 chak ane.	**DEN117** **$0** kòm kopeman pou egzamen oral konplè, film panoramik jiska 1 chak 3 ane. **$0** kòm kopeman pou 1 ratelye pasyèl siperyè oswa 1 enferyè oswa ratelye konplè jiska 1 chak 5 ane. **$0** kòm kopeman pou Radyografi Entèpwoksimal jiska 1 seri chak ane. **$0** kòm kopeman pou plonbaj amalgam ak/oswa konpozit, egzamen oral peryodik, pwofilaksi (netwayaj), ekstraksyon senp oswa chirjikal jiska 2 fwa chak ane. **$0** kòm kopeman pou swen ak netwayaj jansiv (peryodontal) jiska 4 chak ane. **$0** kòm kopeman pou ekstraksyon pou ratelye, anestezi nesesè avèk sèvis ki kouvri jiska ilimite chak ane. Ekstraksyon ilimite kouvri sèlman nan objektif pou manm resevwa ratelye, tout lòt ekstraksyon yo limite a 2 chak ane.
Swen dijans		

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
• Pou chak vizit nan sal ijans Medicare kouvri, ou peye:	**$0 oswa $150** kòm kopeman egzante si ou admèt nan 24 èdtan. Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**$0** kòm kopeman
Sèvis oditif • Avantaj swen oditif siplemantè:	**HER845** **$0** kòm kopeman pou evalyasyon/ajisteman, egzamen odisyon woutin jiska 1 fwa chak ane. **$1,000** montan kouvèti avantaj maksimòm pou chak aparèy pou tande sou preskripsyon (tout kalite) jiska 1 pou chak zòrèy chak ane. Li gen ladan 1 mwa pwovizyon batri ak 1 ane garanti.	**HER100** **$0** kopeman pou egzamen woutin pou odisyon jiska 1 fwa chak ane. **$0** kòm kopeman pou ajisteman jiska 1 fwa chak ane. **$0** kòm kopeman pou vizit swivi ak founisè jiska 3 fwa chak ane. **$0** kòm kopeman pou chak aparèy pou tande nivo 1 jiska 1 pou chak zòrèy chak ane. Remak: Enkli 3 ane batri pou chak aparèy ki pa rechajab (jiska 60 selil pou chak zòrèy, chak ane) ak garanti 3 ane. Yon vizit ajisteman ak twa vizit swivi ak founisè pandan premye ane apre acha aparèy pou tande an, avèk founisè orijinal la.
Etablisman swen enfimye espesyalize (SNF) • Pou yon sejou Medicare kouvri nan yon etablisman swen enfimyè kalifye, ou peye:	**$0** kòm kopeman pou chak sejou	Kopeman **$0** chak jou pou jou 1 jiska jou 20 Kopeman **$0** chak jou pou jou 21 jiska jou 100
Pwogram Rekiperasyon Kadyak Vityèl (Avantaj ki ofri Inifòmite ak Fleksibilite)	Pa Kouvri	**$0** kòm kopeman pou yon pwogram rekiperasyon kadyak vityèl ki delivre pa telesante, avèk jiska 36 sesyon kouvri pou sipòte rekiperasyon ak redwi risk readmisyon lopital. Kouvèti a disponib apre yon sejou antanke pasyan ki entène pou manm ki gen Ensifizans Kadyak Konjestif (CHF), Ipètansyon, Nemoni oswa Maladi Respiratwa.

Frè	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
	Nan rezo:	**Nan rezo:**
Swen vizyon		
• Sèvis vizyon woutin:	**VIS141** **$0** kòm kopeman pou refraksyon ak dilatasyon (si nesesè) avèk egzamen woutin jiska 1 fwa chak ane. **$300** montan kouvèti avantaj maksimòm chak ane pou lantiy kontak oswa linèt—lantiy ak monti plis ajisteman; oswa 3 pè linèt seleksyone chak ane san frè. Ka chwazi linèt solèy avèk preskripsyon kòm 1 pè. Linèt yo gen ladan pwoteksyon kont reyon iltravyolèt, kouch anti-grave, bifokal san liy estanda, ak lantiy tranzisyon.	**VIS186** **$0** kòm kopeman pou refraksyon ak dilatasyon (si sa nesesè) avèk egzamen woutin jiska 1 fwa chak ane. **$350** montan maksimòm kouvèti avantaj chak ane pou lantiy kontak oswa linèt je-vè ak monti plis ajisteman; oswa 3 pè linèt je seleksyone chak ane san frè. Linèt yo gen ladan pwoteksyon kont reyon iltravyolèt ak kouch anti-grave.
Kouvèti toupatou nan mond lan		
• Pou chak vizit nan sal ijans, ou peye:	**$0 oswa $150** kòm kopeman egzante si ou admèt nan 24 èdtan. Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**$0** kòm kopeman
• Pou chak transpò dijans nan anbilans, ou peye:	**$0 oswa $200** kòm kopeman pa vwayaj Si ou kalifye pou asistans pataj frè Medicare anba Medicaid, ou peye yon kantite kopeman **$0**.	**0%** sou pri total la

Seksyon 1.6 Chanjman nan Kouvèti Medikaman Part D

Chanjman nan Gid Medikaman Nou An

Lis medikaman ki kouvri nou yo rele Fòmilè oswa Gid Medikaman. Nou bay yon kopi Gid Medikaman nou an elektwonikman. Gid Medikaman an enkli anpil—men pa tout—medikaman nou pral kouvri ane pwochèn. Si ou pa wè medikaman w lan sou lis sa a, li ka kouvri toujou.

Ou ka jwenn Gid Medikaman an konplè lè ou vizite sit entènèt nou an (**CarePlusHealthPlans.com/DrugGuide**) oswa lè ou rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY rele 711).

Nou fè chanjman nan Gid Medikaman nou an, sa ki ta ka gen ladan retire oswa ajoute medikaman, chanje restriksyon ki aplike nan kouvèti nou bay pou sèten medikaman oswa deplase yo nan yon nivo pataj frè ki diferan.

Revize Gid Medikaman an pou asire ke medikaman ou yo pral kouvri ane pwochèn epi pou wè si pral gen kèk restriksyon, oswa si medikaman ou an te deplase nan yon nivo pataj-frè diferan.

Pifò nan chanjman ki fèt nan Gid Medikaman an nouvo nan kòmansman chak ane. Sepandan, nou ka fè lòt chanjman ke règ Medicare yo pèmèt ki pral afekte w pandan ane kalandriye an. Nou mete ajou

Gid Medikaman omwen chak mwa pou bay lis medikaman ki pi ajou a. Si nou fè yon chanjman ki pral afekte aksè ou a yon medikaman w ap pran, n ap voye yon avi ba ou sou chanjman an.

Si yon chanjman nan kouvèti medikaman afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri konsilte Chapit 9 nan *Prèv sou Kouvèti* w la epi pale ak doktè w pou w konnen opsyon w genyen yo, tankou mande pou yon pwovizyon tanporè, aplike pou yon eksepsyon ak/oswa chèche yon nouvo medikaman. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon.

Seksyon 1.7 Chanjman nan Avantaj ak Pri Medikaman sou Preskripsyon

Èske ou resevwa Èd Siplemantè pou peye frè kouvèti medikaman ou?

Si ou nan yon pwogram ki ede peye pou medikaman ou yo (Èd Siplemantè), **enfòmasyon sou pri pou Medikaman Part D yo pa aplike pou ou.** Nou voye yon dokiman apa ba ou, ki gen tit *Amannman pou Prèv sou Kouvèti pou Moun k ap Resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) pou Medikaman sou Preskripsyon yo*, ki ba w enfòmasyon sou depans pou medikaman ou yo. Si ou jwenn Èd Siplemantè epi ou pa jwenn dokiman sa a anvan 30 Septanm, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY ta dwe rele 711) epi mande *LIS Rider* a.

Etap Peman Medikaman

Gen 3 **etap peman medikaman:** Etap Franchiz Anyèl la, Etap Kouvèti Inisyal la, ak Etap Kouvèti Katastwofik la.

- ***Etap 1: Franchiz Anyèl***

  Ou kòmanse nan etap peman sa a chak ane kalandriye. Pandan etap sa a, ou peye tout pri medikaman Part D ou yo jiskaske ou rive nan franchiz anyèl la.

- ***Etap 2: Kouvèti Inisyal***

  Yon fwa ou peye franchiz anyèl la, ou pase nan Etap Kouvèti Inisyal la. Pandan etap sa a, plan nou an peye pati pa li nan pri medikaman ou yo epi ou peye pati pa w nan pri a. Anjeneral ou rete nan etap sa a jiskaske depans An-Pòch kimilatif ou rive **$2,400**.

- ***Etap 3: Kouvèti Katastwofik***

  Sa a se twazyèm ak dènye etap peman medikaman an. Pandan etap sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Part D ou yo ki kouvri. Anjeneral, ou rete nan etap sa a pou tout rès ane kalandriye a.

Depans Medikaman nan Etap 1: Franchiz Anyèl

Tablo a montre pri ou pou chak preskripsyon pandan etap sa a.

Etap	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Franchiz Anyèl	Paske nou pa gen franchiz, etap pèman sa a pa aplike pou ou.	Si ou resevwa Èd Siplemantè, franchiz ou a se **$0** . Refere ou a dokiman LIS Rider ou a pou montan pataj pri ou yo. Si ou **pa** resevwa Èd Siplemantè, frè franchiz la se **$700** . franchiz la se **$700** eksepte pou pwodui ensilin ki kouvri ak pifò vaksen Part D pou adilt. Pandan etap sa a, ou peye **$0** patisipasyon nan depans pou medikaman nan Nivo 1, **$0** patisipasyon nan depans pou medikaman nan Nivo 2, **17%** patisipasyon nan depans pou medikaman nan Nivo 3 ak pri antye pou medikaman nan Nivo 4 ak Nivo 5 jiskaske ou rive nan franchiz anyèl la.

Depans Medikaman nan Etap 2: Kouvèti Inisyal

Nou te chanje nivo a pou kèk nan medikaman yo nan Gid Medikaman nou an. Pou w wè si medikaman w yo ap nan yon nivo ki diferan, chèche yo nan Gid Medikaman an.

Tout nivo yo gendwa pa gen ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.

Tablo a montre depans ou pa preskripsyon pou yon pwovizyon pou yon mwa (30 jou) ki ranpli nan yon famasi rezo ak pataj depans estanda ak pataj depans prefere.

Pifò vaksen Part D pou granmoun yo kouvri gratis pou ou. Pou plis enfòmasyon sou pri vaksen yo, oswa enfòmasyon sou pri yon pwovizyon alontèm; oswa pou preskripsyon sou kòmann pa lapòs, gade Chapit 6 nan *Prèv sou Kouvèti* ou a.

Yon fwa ou fin peye **$2,400** nan pwòp pòch ou pou medikaman Part D kouvri yo, ou pral pase nan pwochen etap la (Etap Kouvèti Katastwofik la).

	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Nivo 1: Jenerik Prefere	*Patisipasyon nan depans estanda:* Ou peye **$0** pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon lapòs yon mwa se **$10** . *Patisipasyon nan depans preferansyèl :* Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **$0** .	***Patisipasyon nan depans estanda:*** Ou peye **$0** pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon lapòs yon mwa se **$10** . ***Patisipasyon nan depans preferansyèl:*** Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **$0** .
Nivo 2: Jenerik	*Patisipasyon nan depans estanda:* Ou peye **$0** pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon lapòs yon mwa se **$20** . Ou peye **25%** jiska **$20** pa mwa pou chak pwodui ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a. *Patisipasyon nan depans preferansyèl:* Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **$0** .	***Patisipasyon nan depans estanda:*** Ou peye **$0** pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon lapòs yon mwa se **$20** . Ou peye **16%** jiska **$20** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a. ***Patisipasyon nan depans preferansyèl:*** Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **$0** .

	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Nivo 3: Mak Prefere	*Patisipasyon nan depans estanda:* Ou peye **25%** pou chak pwovizyon pa mwa nan yon famasi detayan. Ou peye **25%** jiska **$35** pou chak mwa pwovizyon pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan nan nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** . Ou peye **25%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a. *Patisipasyon nan depans preferansyèl:* Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** . Ou peye **25%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri pou yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a.	***Patisipasyon nan depans estanda:*** Ou peye **17%** pa pwovizyon mensyèl nan yon famasi detayan. Ou peye **17%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan yon famasi detayan sou nivo sa a. Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **17%** . Ou peye **17%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a. ***Patisipasyon nan depans preferansyèl:*** Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **17%** . Ou peye **17%** jiska **$35** pa mwa pou chak pwodwi ensilin ki kouvri nan yon preskripsyon pa lapòs sou nivo sa a.
Nivo 4: Medikaman ki Pa Prefere	*Patisipasyon nan depans estanda:* Ou peye **25%** nan total depans lan pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** . *Patisipasyon nan depans preferansyèl:* Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** .	***Patisipasyon nan depans estanda:*** Ou peye **41%** nan total depans la pou chak pwovizyon pa mwa nan yon famasi detayan. Depans ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **41%** . ***Patisipasyon nan depans preferansyèl:*** Depans ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **41%** .

	2026 (ane sa a)	2027 (ane pwochèn)
Nivo 5: Nivo Espesyalize	*Patisipasyon nan depans estanda:* Ou peye **33%** nan total pri pa mwa pou chak apwovizyònman nan yon famasi detayan. Kòb ou peye pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **33%** . *Patisipasyon nan depans preferansyèl:* Kòb ou peye pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **33%** .	***Patisipasyon nan depans estanda:*** Ou peye **25%** nan total depans lan pou chak mwa pwovizyon nan yon famasi detayan. Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** . ***Patisipasyon nan depans preferansyèl:*** Pri ou pou yon preskripsyon pa lapòs pou yon mwa se **25%** .

SEKSYON 2 Kijan pou Chanje Plan

Pou rete nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP), ou pa bezwen fè anyen. Sòf si ou enskri nan yon plan sante Medicare diferan oswa plan medikaman, oswa chanje nan Original Medicare anvan 7 Desanm, ou pral otomatikman enskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP) nou an.

Si ou vle chanje plan pou 2027, swiv etap sa yo :

- **Pou chanje nan yon plan sante Medicare diferan**, enskri nan nouvo plan an. Ou pral otomatikman dezenskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP). Sonje, se pa tout plan sante Medicare ki kouvri medikaman sou preskripsyon. Epitou, konnen ke pou anpil plan, ou pa ka rantre nan yon plan sante Medicare epi achte yon plan medikaman sou preskripsyon an menm tan.
- **Pou chanje ale nan Original Medicare ak kouvèti medikaman Medicare separe,** ou ka enskri nan yon plan Part D, epi ou pral otomatikman dezenskri nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP).
- **Pou chanje ale nan Original Medicare san yon plan medikaman,** ou ka voye pou nou yon demann ekri pou dezenskri. Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo dwe rele 711) pou plis enfòmasyon sou kijan pou fè sa. Oswa rele **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande pou dezabòne. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.
- **Pou aprann plis sou Original Medicare ak diferan kalite plan Medicare yo,** vizite Medicare.gov, tcheke liv *Medicare & You 2027* la, rele Pwogram Asistans Asirans Sante Eta ou a (ale nan Seksyon

  4), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Si ou vle chanje operatè plan ou a tou, rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (Itilizatè TTY rele 711) pou plis enfòmasyon sou kijan pou fè sa.

Seksyon 2.1 Dat limit pou Chanje Plan

Moun ki gen Medicare ka fè chanjman nan kouvèti yo soti **15 Oktòb – 7 Desanm** chak ane.

Si ou enskri nan yon plan Medicare Advantage pou 1ye janvye 2027, epi ou pa renmen chwa plan ou an, ou ka chanje ale nan yon lòt plan sante Medicare (avèk oswa san kouvèti medikaman Medicare) oswa chanje ale nan Original Medicare (avèk oswa san kouvèti medikaman Medicare separe) ant 1ye janvye – 31 mas 2027.

Seksyon 2.2 Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman?

Nan kèk sitiyasyon, moun ka gen lòt opòtinite pou chanje kouvèti yo pandan ane a. Egzanp yo enkli moun ki:

- Gen Medicaid
- Jwenn Èd Siplemantè pou peye pou medikaman yo
- Gen oswa ap kite kouvèti anplwayè
- Demenaje andeyò zòn sèvis plan nou an

Paske w gen Florida Medicaid, ou ka kanpe abònman w nan plan nou an lè w chwazi youn nan opsyon Medicare sa yo nan nenpòt mwa nan ane a:

- Original Medicare *avèk* yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon separe,
- Original Medicare *san* yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare separe (Si ou chwazi opsyon sa a, Medicare ka enskri ou nan yon plan medikaman, sòf si ou te refize enskripsyon otomatik.), oswa
- Si ou kalifye, yon D-SNP entegre ki bay avantaj ak sèvis Medicare ou ak pi fò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou nan yon sèl plan.

Si ou te fèk pran lojman oswa w ap viv aktyèlman nan yon enstitisyon (tankou yon etablisman swen enfimye espesyalize oswa yon lopital swen alontèm), ou ka chanje kouvèti Medicare ou **nenpòt ki lè**. Ou ka chanje pou nenpòt lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman) oswa chanje pou Original Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman separe) nenpòt kilè. Si ou te fèk soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje pou Original Medicare pandan 2 mwa konplè apre mwa ou kite a.

SEKSYON 3 Jwenn Èd pou Peye pou Medikaman sou Preskripsyon

Ou ka kalifye pou èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon yo. Gen diferan kalite èd disponib:

- **Èd Siplemantè nan Medicare.** Moun ki gen revni limite ka kalifye pou Èd Siplemantè pou peye depans yo pou medikaman sou preskripsyon. Si ou kalifye, Medicare ka peye jiska 75% oswa plis nan depans medikaman ou yo, enkli prim plan medikaman chak mwa, franchiz anyèl, ak ko-asirans. Epitou, moun ki kalifye yo p ap peye okenn penalite pou enskripsyon anreta. Pou konnen si ou kalifye, rele:
  - 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.
  - Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 ant 8 a.m. ak 7 p.m., Lendi - Vandredi pou yon reprezantan. Mesaj otomatik yo disponib 24 èdtan pa jou. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-800-325-0778; oswa
  - Biwo Medicaid Eta ou a.
- **Asistans Pataj-Pri Preskripsyon pou Moun ki gen VIH/SIDA.** Pwogram Asistans pou Medikaman pou AIDS a (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) ede asire ke moun ki elijib pou ADAP yo k ap viv ak HIV/ AIDS gen aksè ak medikaman HIV pou sove lavi yo. Pou elijib pou ADAP nan Eta w la, moun yo dwe satisfè sèten kritè; ki gen ladan prèv rezidans nan Eta a ak estati HIV, revni fèb selon jan Eta a defini sa, ak estati si yo pa asire oswa pa asire ase. Medikaman nan Medicare Part D ADAP kouvri tou kalifye pou èd pataj frè pou preskripsyon atravè pwogram ADAP la. Pou enfòmasyon sou kritè elijibilite yo, medikaman ki kouvri yo, kijan pou w enskri nan pwogram nan oswa si w enskri aktyèlman kijan pou kontinye resevwa asistans, rele pwogram ADAP la (non ak

nimewo telefòn òganizasyon sa a endike nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a). Asire w ke lè w rele, ou fè yo konnen non plan Medicare Part D w la oswa nimewo polis asirans lan.

- **Plan Peman Preskripsyon Medicare a.** Plan Medicare pou Peman Preskripsyon an se yon opsyon peman ki fonksyone avèk kouvèti medikaman aktyèl ou a pou ede w jere depans ki fèt ak lajan ki sot nan pòch ou pou medikaman plan nou an kouvri, lè w repati yo sou ane kalandriye a (janvye – desanm). Tout moun ki gen yon plan medikaman Medicare oswa yon plan sante Medicare ki gen kouvèti pou medikaman (tankou yon plan Medicare Advantage avèk kouvèti pou medikaman) kapab sèvi avèk opsyon peman sa a. Si ou patisipe nan Plan Peman Preskripsyon Medicare epi ou rete nan menm plan Part D, patisipasyon ou pral otomatikman renouvle pou 2027; ou pa bezwen soumèt yon nouvo demann pou chwazi kontinye patisipe an 2027. **Opsyon peman sa a gendwa ede w jere depans ou yo**, **men li pa p fè ou ekonomize lajan oswa diminye pri pou medikaman ou yo.**

  Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare ak èd nan men ADAP ou a, pou moun ki kalifye yo, bay plis benefis pase patisipasyon nan Plan Peman Preskripsyon Medicare a. Pou aprann plis sou opsyon peman sa a, tanpri rele nou nan Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY rele 711) oswa vizite Medicare.gov.

SEKSYON 4 Kesyon?

Jwenn Èd nan CareNeeds Extra (HMO D-SNP)

- **Rele Sèvis pou Manm yo nan 800-794-5907 (itilizatè TTY yo rele 711).**

Nou disponib pou resevwa apèl telefonik soti 8 a.m. rive 8 p.m. Ou ka rele nou sèt jou nan semèn. Tanpri sonje sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou pandan wikenn ak jou ferye yo. Pou sèvis 24 sou 24, ou ka vizite nou nan **CarePlusHealthPlans.com**. Apèl nan nimewo sa a gratis.

- ***Li Prèv sou Kouvèti 2027 ou a***

Avi Anyèl sou Chanjman sa a ba ou yon rezime chanjman nan avantaj ou ak depans ou pou 2027. Pou detay, ale nan *Prèv sou Kouvèti* 2027 pou CareNeeds Extra (HMO D-SNP). *Prèv sou Kouvèti* a se yon deskripsyon legal detaye sou avantaj plan ou yo. Li eksplike dwa ou genyen yo ak règ ou dwe swiv pou jwenn sèvis ki kouvri yo ak medikaman sou preskripsyon. Jwenn *Prèv sou Kouvèti* sou sit entènèt nou an nan **CarePlusHealthPlans.com/Plans** oswa rele Sèvis Manm 800-794-5907 (Itilizatè TTY rele 711) pou mande nou voye yon kopi ba ou pa lapòs.

- **Vizite CarePlusHealthPlans.com/Plans**

Sit entènèt nou an gen enfòmasyon ki pi ajou sou rezo founisè nou an (*Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi*) ak *Lis Medikaman Kouvri* nou an.

Jwenn Konsèy Gratis sou Medicare

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (SHIP) se yon pwogram gouvènman endepandan ki gen konseye fòme nan chak Eta.

Rele SHIP nan Eta w la pou jwenn konsèy pèsonalize gratis sou asirans sante. Yo ka ede w konprann chwa plan Medicare ak Medicaid ou yo epi reponn kesyon sou chanjman plan. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou SHIP nan Eta w la nan "Anèks A" ki nan do dokiman sa a.

Jwenn Èd nan men Medicare

- **Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**

Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, epi 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

- **Kominike atravè tchat an dirèk avèk Medicare.gov**

  Ou ka kominike atravè tchat an dirèk nan www.Medicare.gov/talk-to-someone.

- **Ekri bay Medicare**

  Ou ka ekri Medicare nan PO Box 1270, Lawrence, KS 66044

- **Vizite Medicare.gov**

  Sitwèb ofisyèl Medicare la gen enfòmasyon sou pri, kouvèti, ak bon jan kalite Notasyon baze sou sistèm Zetwal pou ede w konpare plan sante Medicare nan zòn ou an.

- ***Li Medicare & You 2027***

  Liv *Medicare & You 2027* la voye pa lapòs bay moun ki gen Medicare chak otòn. Li gen yon rezime sou avantaj, dwa ak pwoteksyon Medicare yo, ak repons pou kesyon yo poze souvan sou Medicare. Jwenn yon kopi nan Medicare.gov oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Jwenn Èd nan Medicaid
Rele Florida Medicaid nan nimewo ki nan "Anèks A" nan dèyè dokiman sa a pou èd ak enskrisyon Medicaid oswa kesyon sou avantaj yo.

Anèks A - Enfòmasyon pou Kontakte Ajans Eta a

Seksyon sa a bay enfòmasyon kontak pou ajans Eta yo ki refere nan Avi Anyèl sou Chanjman sa a. Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon w ap chèche a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan nimewo telefòn ki nan do ti liv sa a.

FLORIDA	
Non ak Enfòmasyon Kontak SHIP	Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE) Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000 800-963-5337 (apèl gratis) 800-955-8770 (TTY) 850-414-2150 (faks) 800-963-5337 https://www.floridaSHINE.org
Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite	Acentra Health 1650 Summit Lake Dr., Suite 102 Tallahassee, FL 32317 888-317-0751 TTY 711 844-878-7921 (FAKS) https://acentraqio.com/aboutus/contact/
Biwo Medicaid Eta a	Florida Medicaid 2727 Mahan Drive Tallahassee, FL 32308-5407 888-419-3456 (apèl gratis) 850-412-3600 (lokal) 850-922-2993 (faks) 800-955-8771 (TTY) https://ahca.myflorida.com
Pwogram Asistans Medikaman pou SIDA	Florida AIDS Drug Assistance Program (ADAP) HIV/AIDS Section 4052 Bald Cypress Way Tallahassee, FL 32399 844-381-2327 800-545-7432 (Panyòl) 800-243-7101 (Kreyòl) 888-503-7118 (TTY) https://www.floridahealth.gov/individual-family-health/injury-prevention-wellness/hiv-aids/hiv-aids-management/

Insurance ACE Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive

AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AVÈK ANPIL ATANSYON.

Konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sou sante w yo enpòtan. Ou pa bezwen fè anyen sof si ou gen yon demann oswa yon plent.

Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive sa a aplike pou tout antite ki fè pati Insurance ACE, yon Antite Afilye ki Kouvri anba HIPAA. ACE la se yon gwoup antite endividyèl ki kouvri anba lalwa ki afilye epi ki deziyen tèt yo kòm yon sèl antite ki kouvri nan objektif HIPAA. Gen yon lis konplè manm ACE yo ki disponib nan **https://huma.na/insuranceace**.

Nou ka chanje pratik konfidansyalite vi prive nou yo ak kondisyon ki nan avi sa a nenpòt kilè, jan lalwa otorize nou fè sa, sa gen ladan enfòmasyon nou te kreye oswa resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Lè nou fè yon gwo chanjman nan pratik konfidansyalite vi prive nou yo, nou pral chanje avi sa a epi n ap voye avi a bay moun ki abone nan plan sante nou an.

Kisa enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon sou sante ki pa piblik ye?
Enfòmasyon pèsonèl oswa enfòmasyon sante ki pa piblik gen ladan enfòmasyon medikal ak enfòmasyon pèsonèl, tankou non, adrès, nimewo telefòn, nimewo Sekirite Sosyal, nimewo kont, enfòmasyon sou peman, oswa enfòmasyon demografik ou yo. Mo "enfòmasyon" an nan avi sa a enkli nenpòt enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sante ki pa piblik. Sa gen ladan enfòmasyon yon pwofesyonèl swen sante oswa yon plan sante kreye oswa resevwa. Enfòmasyon yo gen rapò avèk sante oswa pwoblèm sante fizik oswa sante mantal, swen sante ou jwenn oswa peman ki fèt pou swen sante sa yo.

Kijan nou kolekte enfòmasyon sou ou?
Nou kolekte enfòmasyon sou ou yo ak sou fanmi w lè w ranpli aplikasyon ak fòm yo. Nou kolekte enfòmasyon yo tou nan kad relasyon w avèk nou, avèk afilye nou yo oswa lòt moun. Pa egzanp, nou gendwa resevwa enfòmasyon sou ou ki soti nan men patisipan nan sistèm swen sante an, tankou doktè ou oswa lopital, epi nan men anplwayè w oswa administratè plan yo, biwo kredi ak Biwo Enfòmasyon Medikal la (Medical Information Bureau).

Ki enfòmasyon nou resevwa sou ou?
Enfòmasyon nou resevwa yo gendwa gen ladan eleman tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal, istorik peman prim ou yo ak aktivite ou sou sitwèb nou an. Sa gen ladan tou enfòmasyon ki konsène plan avantaj medikal ou, avantaj sante w yo, ak evalyasyon risk sante yo.

Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?
Nou gen responsabilite pou n pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo nan tout fòma tankou fòm enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon oral. Nou gen mezi administratif, teknik ak fizik ki anplas pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan divès fason tankou:

- Limite ki moun ki ka wè enfòmasyon ou yo
- Limite fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo
- Enfòme ou sou devwa legal nou yo konsènan enfòmasyon ou yo
- Fòme anplwaye nou yo sou pwogram konfidansyalite nou an ak pwosedi yo

Kijan nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo?
Nou itilize epi pataje enfòmasyon ou yo:

- Ba ou oswa yon moun ki gen dwa legal pou aji nan non ou
- Ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal

Nou gen dwa pou nou itilize ak pataje enfòmasyon ou yo:

- Bay yon doktè, yon lopital, oswa yon lòt founisè swen sante pou ou kapab resevwa swen medikal.
- Pou aktivite peman, ki enkli peman reklamasyon pou sèvis ki kouvri ki te founi ba ou pa founisè swen sante ak peman prim plan sante.
- Pou aktivite operasyon swen sante, ki enkli trete enskripsyon ou, reponn a demann ou yo, kòdone swen ou, amelyore kalite, ak detèmine prim yo.
- Pou fè aktivite asirans. Sepandan nou p ap itilize okenn rezilta tès jenetik, ni nou p ap poze kesyon konsènan antesedan familyal yo.
- Bay esponnsò plan ou a pou pèmèt yo ranpli fonksyon administrasyon plan tankou aktivite elijiblite, enskripsyon ak dezenskripsyon. Nou kapab pataje rezime enfòmasyon sou sante w ak esponnsò plan w lan nan sèten sitiyasyon. Pa egzanp, pou pèmèt esponnsò plan w lan jwenn òf nan men lòt plan sante. Nou p ap pataje enfòmasyon detaye sou sante w ak esponnsò plan w lan. N ap mande ou pèmisyon ou oswa esponnsò plan ou an dwe sètifye li aksepte kenbe konfidansyalite enfòmasyon ou yo.
- Pou kontakte ou avèk enfòmasyon sou avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante, randevou rapèl, oswa altènativ tretman ki ka enterese ou. Si ou chwazi pa resevwa enfòmasyon sa yo, nou p ap kontakte w.
- Pou fanmi ou ak zanmi ou si ou pa disponib pou kominike, tankou nan yon ijans.
- Bay fanmi ou ak zanmi ou, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye. Sa a aplike si enfòmasyon yo lye dirèkteman avèk patisipasyon yo nan swen sante ou yo oswa peman pou swen sante sa a. Pa egzanp, si yon manm fanmi oswa yon moun k ap bay swen rele nou pandan yo te konnen gen yon reklamasyon ki fèt, nou kapab konfime si nou te resevwa ak peye reklamasyon an.
- Pou bay abòne a enfòmasyon sou peman pou jistifikasyon Sèvis Revni Entèn.
- Pou ajans sante piblik, si nou kwè ke gen yon menas sante oswa sekirite grav.
- Pou otorite ki apwopriye lè gen pwoblèm konsènan abi, neglijans, oswa vyolans domestik.
- An repons a yon òd tribinal oswa administratif, asiyasyon pou konparèt, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal.
- Pou rezon aplikasyon lwa, pou otorite militè ak jan lwa egzije lòt.
- Pou ede ak efò sekou dezas.
- Pou pwogram konfòmite ak aktivite siveyans sante.
- Pou ranpli obligasyon nou yo anba nenpòt lwa oswa kontra konpansasyon travayè.
- Pou evite yon menas grav ak iminan pou sante ou oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite lòt moun.
- Pou rezon rechèch nan sikonstans limite epi avèk kondisyon ke yo te pran mezi apwopriye pou pwoteje vi prive ou.
- Pou jwenn, estoke, oswa transplante ògan, je, oswa tisi.
- Pou yon koronyè, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp funèb.

Restriksyon adisyonèl sou itilizasyon ak divilgasyon pou tip espesifik enfòmasyon:

- Kèk lwa federal ak Eta ka restrenn itilizasyon ak divilgasyon sèten enfòmasyon sante sansib tankou: dosye Twoub Itilizasyon Sibstans ("SUD") ki sibi 42 CFR Pati 2 ("Pati 2"); Enfòmasyon Byometrik; Abi oswa Neglijans Timoun oswa Granmoun ki gen ladan Agresyon Seksyèl; Maladi Kontajye; Enfòmasyon Jenetik; VIH/SIDA; Sante Mantal; Sante Repwodiktif; ak Maladi Transmisib Seksyèlman.
- Si nou resevwa dosye SUD Pati 2, nou p ap itilize oswa divilge dosye sa yo, ni bay temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, nan okenn pwosedi sivil, kriminèl, administratif, oswa lejislatif kont ou sof si divilgasyon sa a baze sou konsantman ekri ou (separe de konsantman ou pou nenpòt lòt itilizasyon oswa divilgasyon), oswa yon òdonans tribinal apre yo ba ou yon avi ak yon opòtinite pou yo tande w, jan Pati 2 prevwa li. Yon òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon Dosye SUD Pati 2 dwe akonpaye pa yon sitasyon pou parèt nan tribinal oswa yon lòt egzijans legal ki konpèl divilgasyon anvan dosye yo mande a itilize oswa divilge.

Èske n ap itilize enfòmasyon ou yo pou rezon ki pa dekri nan avi sa a?

Nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon w yo pou okenn rezon ki pa dekri nan avi sa a, san pèmisyon w alekri. Ou ka anile pèmisyon ou nenpòt kilè depi ou fè nou konnen sa alekri. Itilizasyon ak pataj ki annapre yo mande otorizasyon ou alekri:

- Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi ak nòt konsèy SUD
- Objektif Maketin.
- Vann enfòmasyon pèsonèl ak sante
- Enfòmasyon medikal ki divilge daprè Avi sa a bay yon antite ki pa yon antite ki benefisye kouvèti HIPAA oswa yon asosye biznis, ka divilge ankò bò kote moun k ap resevwa l la epi li ka pa pwoteje ankò anba lwa federal oswa Eta sou vi prive (tankou HIPAA).

Kisa nou fè avèk enfòmasyon ou yo lè ou pa yon manm ankò?
Nou gendwa kontinye sèvi avèk enfòmasyon ou yo pou rezon ki bay nan avi sa a. Sa a gen ladan lè ou pa jwenn kouvèti asirans nan men nou. Apre peryòd konsèvasyon legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon mwen?
Nou pran angajman pou reponn demann ou fè sou dwa ou yo san pèdi tan.

- Aksè - Ou gen dwa pou revize epi jwenn yon kopi enfòmasyon ou a ki ka itilize pou pran desizyon sou ou. Ou kapab resevwa tou yon rezime sou enfòmasyon sante sa yo. Jan lalwa aplikab la egzije sa, nou ap mete enfòmasyon pèsonèl sa yo a dispozisyon w oswa reprezantan deziyen ou an.
- Desizyon Asirans Negatif - Si nou refize aplikasyon ou pou asirans, ou gen dwa pou yo ba ou yon rezon pou refi a.
- Kominikasyon Altènatif - Pou evite yon sitiyasyon ki menase lavi, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ou nan yon fason diferan oswa nan yon kote diferan. N ap akomode demann ou si li rezonab.
- Amandman - Ou gen dwa pou mande koreksyon nenpòt enfòmasyon pèsonèl sa yo atravè amandman oswa efasaj. Nan 60 jou ouvrab aprè yo fin resevwa demann alekri ou a, nou ap enfòme w sou modifikasyon nou an oswa efasaj enfòmasyon ki konteste yo oswa refi nou pou fè yon koreksyon konsa aprè yon ankèt apwofondi.
- Si nou refize amande oswa efase enfòmasyon ki konteste yo, ou gen dwa pou w voye ban nou yon deklarasyon alekri sou rezon dezakò ou yo ak evalyasyon nou an sou enfòmasyon ki konteste yo epi kisa ou konsidere kòm enfòmasyon kòrèk yo. Nou ap mete deklarasyon sa a dispozisyon tout pati k ap egzamine enfòmasyon konteste yo.*
- Divilgasyon - Ou gen dwa pou resevwa yon lis ka yo kote nou oswa asosye biznis nou yo te divilge enfòmasyon ou a. Sa pa aplike pou tretman, peman, fonksyonman plan sante ak sèten lòt aktivite. Nou konsève enfòmasyon sa yo, epi nou mete yo disponib pou ou pandan sis lane. Si ou mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou kapab fè ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans ki fèt yo.
- Avi - Ou gen dwa pou mande epi resevwa yon kopi ekri nan avi sa a nenpòt ki lè.
- Restriksyon - Ou gen dwa pou mande pou limite fason enfòmasyon ou a itilize oswa divilge. Nou pa gen obligasyon pou nou dakò ak limit la, men si nou dakò, n ap respekte akò nou a. Se dwa w tou pou dakò oswa mete fen nan yon limitasyon ki te deja soumèt. * Dwa sa a aplike sèlman pou moun nou yo k ap viv nan Massachusetts pou konfòme avèk règleman Eta yo.

E si mwen kwè yo vyole konfidansyalite mwen, kisa mwen ta dwe fè?
Si ou kwè yo te vyole konfidansyalite w, ou ka soumèt yon plent ba nou lè ou rele nou nan **866-861-2762** nenpòt kilè.
Ou ka soumèt yon plent alekri tou bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR). N ap ba ou adrès rejyonal apwopriye OCR la sou demann. Ou kapab voye plent ou an pa imèl tou bay **OCRComplaint@hhs.gov**. Si w chwazi pou depoze yon plent, avantaj ou yo p ap afekte epi nou p ap pini ou oswa pran revanch sou ou nan okenn fason.

Nou sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou ak enfòmasyon sou sante ou.

Responsabilite Nou

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.
- Nou pral fè ou konnen san pèdi tan si yon vyolasyon rive ki ta ka mete an danje konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou yo.
- Nou dwe swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi li.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon ou a lòt jan pase jan nou dekri isit la sof si ou di nou nou ka fè sa alekri. Si ou di nou ke nou kapab, ou kapab chanje lide nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si w chanje lide.

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Kijan pou mwen egzèse dwa mwen yo oswa kijan pou mwen jwenn yon kopi avi sa a?
Ou kapab egzèse tout dwa konfidansyalite ou yo, pou fè sa chèche jwenn fòm ki aplikab yo. Ou kapab jwenn nenpòt fòm yo depi ou:

- Kontakte nou nan 866-861-2762
- Aksede sit entènèt nou an nan **CarePlusHealthPlans.com/Privacy** epi ale nan lyen Pratik Konfidansyalite a

- Voye fòmilè demann ranpli a bay:
  Humana Inc.
  Privacy Office 003/10911
  101 E. Main Street
  Louisville, KY 40202

Avi sou Non-Diskriminasyon

CarePlus Health Plans, Inc. respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon ni li pa ekskli moun akoz ras, koulè, relijyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang yo pale, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante. CarePlus Health Plans, Inc.:

- Bay moun ki andikape yo chanjman ki rezonab ak èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou kominike yon fason efikas avèk nou tankou:
  - Entèprèt lang siy ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma (gwo ekriti, odyo, fòma elektwonik aksesib, oswa lòt fòma)
- Bay moun lang prensipal yo pa Anglè yo sèvis asistans lengwistik gratis, sa ki ka gen ladan l:
  - Entèprèt ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang, kontakte **800-794-5907 (TTY: 711)**. Si ou kwè ke CarePlus Health Plans, Inc. pa te founi sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, janr, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang, estati sante, oswa bezwen sèvis sante, ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa pa lapòs oswa imèl avèk Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **800-794-5907 (TTY: 711)**, oswa **Accessibility1@CarePlus-HP.com**. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon CarePlus Health Plans, Inc. kapab ede w.

Ou kapab depoze yon plent tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Pòtay pou Plent Biwo pou Dwa Sivil, ki disponib sou **https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD).**

CarePlus
HEALTH PLANS™

Avi sa a disponib nan **CarePlusHealthPlans.com/NDN**.

GHHNDN2026CP_ENG_0526

Notice of Availability - Auxiliary Aids and Services Notice

English: Free language, auxiliary aid, and alternate format services are available. Call **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

العربية [Arabic]: تتوفر خدمات اللغة والمساعدة الإضافية والتنسيق البديل مجاناً. اتصل على الرقم **1-800-794-5907 (الهاتف النصي: 711)**.

Հայերեն [Armenian]: Հասանելի են անվճար լեզվական, աջակցման և այլընտրանքային ձևաչափի ծառայություններ: Զանգահարեք **1-800-794-5907 (TTY` 711)** հեռախոսահամարով:

বাংলা [Bengali]: বিনামূল্যে ভাষা, আনুষঙ্গিক সহায়তা, এবং বিকল্প বিন্যাসে পরিষেবা উপলব্ধ। ফোন করুন **1-800-794-5907 (TTY: 711)** নম্বরে।

简体中文 [Simplified Chinese]：我们可提供免费的语言、辅助设备以及其他格式版本服务。请致电 **1-800-794-5907**（听障专线：**711**）。

繁體中文 [Traditional Chinese]：我們可提供免費的語言、輔助設備以及其他格式版本服務。請致電 **1-800-794-5907**（聽障專線：**711**）。

Kreyòl Ayisyen [Haitian Creole]: Gen sèvis lengwistik gratis, èd oksilyè, ak lòt fòma sèvis ki disponib. Rele **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Hrvatski [Croatian]: Dostupne su besplatne jezične usluge, usluge dodatne pomoći i alternativnog formata. Nazovite **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

فارسی [Farsi]: خدمات زبان رایگان، کمک های اضافی و فرمت های جایگزین در دسترس است. با **1-800-794-5907 (TTY: 711)** تماس بگیرید.

Français [French] : Des services gratuits d’assistance linguistiques, d’aide auxiliaire et de format alternatif sont disponibles. Appelez le **1-800-794-5907 (ATS : 711)**.

Deutsch [German]: Es stehen kostenlose unterstützende Hilfs- und Sprachdienste sowie alternative Dokumentformate zur Verfügung. Telefon: **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Ελληνικά [Greek]: Διατίθενται δωρεάν γλωσσικές υπηρεσίες, βοηθήματα και υπηρεσίες σε εναλλακτικές προσβάσιμες μορφές. Καλέστε στο **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી [Gujarati]: મફત ભાષા, સહાયક સહાય અને વૈકલ્પિક ફોર્મેટ સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** પર કૉલ કરો.

עברית [Hebrew]: שירותים אלה זמינים בחינם: שירותי תרגום, אביזרי עזר וטקסטים בפורמטים חלופיים. נא התקשר למספר **1-800-794-5907 (TTY: 711)**

Hmoob [Hmong]: Muaj kev pab txhais lus, pab kom hnov suab, thiab lwm tus qauv pab cuam. Hu **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Italiano [Italian]: Sono disponibili servizi gratuiti di supporto linguistico, assistenza ausiliaria e formati alternativi. Chiamare il numero **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

GHHNOA2026CP_0526

日本語 [Japanese]: 言語支援サービス、補助支援サービス、代替形式サービスを無料でご利用いただけます。**1-800-794-5907 (TTY: 711)** までお電話ください。

ភាសាខ្មែរ [Khmer]៖ សេវាកម្មផ្នែកភាសា ជំនួយ និង សេវាកម្មជាទម្រង់ផ្សេងជំនួសអាចរកបាន។ ទូរសព្ទទៅលេខ **1-800-794-5907 (TTY: 711)**។

한국어 [Korean]: 무료 언어, 보조 지원 및 대체 형식 서비스를 이용하실 수 있습니다. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** 번으로 문의하십시오.

Diné [Navajo]: Saad bee áná'álwo', bee haz'áanii, dóó naaltsoos t'áá ajiłii'ígíí bee ak'e'elyaaígíí t'áá jiik'eh hólǫ́. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** bich'į' hodíílnih.

Polski [Polish]: Dostępne są bezpłatne usługi językowe, pomocnicze i alternatywne formaty. Zadzwoń pod numer **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Português [Brazilian Portuguese]: Estão disponíveis serviços gratuitos de ajuda linguística auxiliar e outros formatos alternativos. Ligue **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

ਪੰਜਾਬੀ [Punjabi]: ਮੁਫ਼ਤ ਭਾਸ਼ਾ, ਸਹਾਇਕ ਸਹਾਇਤਾ, ਅਤੇ ਵਿਕਲਪਿਕ ਫਾਰਮੈਟ ਸੇਵਾਵਾਂ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। **1-800-794-5907 (TTY: 711)** 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский [Russian]: Предоставляются бесплатные услуги языковой поддержки, вспомогательные средства и материалы в альтернативных форматах. Звоните по номеру **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Español [Spanish]: Los servicios gratuitos de asistencia lingüística, ayuda auxiliar y servicios en otro formato están disponibles. Llame al **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

Tagalog [Tagalog]: May available na mga libreng serbisyo sa wika, mga gamit na pantulong, at alternatibong format. Tumawag sa **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

தமிழ் [Tamil]: மொழி,, உதவிப் பொருட்கள் மற்றும் மாற்று வடிவமைப்புச் சேவைகள் இலவசமாகக் கிடைக்கின்றன. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** எண்ணை அழைக்கவும்.

తెలుగు [Telugu]: ఉచిత భాష, సహాయక మద్దతు, మరియు ప్రత్యామ్నాయ ఫార్మాట్ సేవలు అందుబాటులో గలవు. **1-800-794-5907 (TTY: 711)** కి కాల్ చేయండి.

اردو [Urdu]: مفت زبان، معاون امداد، اور متبادل فارمیٹ کی خدمات دستیاب ہیں۔ کال **1-800-794-5907 (TTY: 711)**۔

Tiếng Việt [Vietnamese]: Có sẵn miễn phí các dịch vụ ngôn ngữ, hỗ trợ phụ trợ và định dạng thay thế. Hãy gọi **1-800-794-5907 (TTY: 711)**.

This notice is available at **CarePlusHealthPlans.com/MLI**

Ou pare pou revize?
Nou pare pou ede ou.

Apati 15 oktòb 2026, ou ka revize dokiman plan 2027 yo. Ou pral kapab jwenn enfòmasyon ou bezwen yo rapidman ak yon rechèch senp, ki gen ladan:

- *Prèv sou Kouvèti* avèk Dwa ak Responsablite Manm yo.
- Detay sou plan, Avantaj ak Pri.
- *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* ki pèmèt ou fè rechèch selon espesyalite, anplasman oswa kondisyon.
- *Gid Medikaman* pou yon lis medikaman ki kouvri nan plan ou.

Revize dokiman plan Medicare ak Medicaid 2027 ou yo nan **CarePlusHealthPlans.com/Plans**. Pou wè tout avantaj plan Medicare ak Medicaid CarePlus ou yo, ale nan *Prèv* sou *Kouvèti* a. Avantaj ou yo nan Tablo Avantaj Medikal la (sa ki kouvri) nan Chapit 4. Avantaj Famasi ou yo nan Chapit 6.

Nou la pou ede ou. Si ou bezwen èd pou itilize zouti an liy sa yo, tanpri rele nimewo ki dèyè kat ID manm CarePlus ou a.

Pou kopi papye dokiman sa yo, rele **800-794-5907 (TTY: 711)**, 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Tanpri kenbe kat ID manm CarePlus ou a alamen. Lè yo mande ou rezon ou rele a, di "*Prèv sou Kouvèti*" oswa "*Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi*." Tanpri bay jiska de semèn pou resevwa dokiman yo pa lapòs.

Nou mete ajou plan nou yo chak ane selon finansman Medicare, chanjman nan règleman ak priyorite manm yo.

Kòm yon manm CarePlus, ou ka resevwa apèl sou lòt pwodui asirans. Pou dezabòne, rele nimewo Sèvis Manm ki dèyè kat ID ou a.

CarePlus
HEALTH PLANS™

Y0040_GHZQHEHCR_C

CarePlus Health Plans, Inc.
P.O. Box 14168
Lexington, KY 40512-4168

H1019073000153000ANOCCR27

Enfòmasyon enpòtan sou chanjman nan Medicare Advantage ak plan medikaman sou preskripsyon

Gade anndan

Men yon rezime sou sa ki diferan nan **plan CarePlus** ou a k ap antre an vigè 1ye Janvye 2027.

Kesyon?

Rele Sèvis Manm yo nan 800-794-5907 (TTY: 711).

CarePlus HEALTH PLANS™

CarePlusHealthPlans.com